

Pwoteje tèt ou, Florid

Ou pa oblije bay tèt ou anpil pwoblèm pou jwenn yon bon plan.

Men kèk bagay ou bezwen konnen lè w ap chèche yon plan ki bon pou tèt ou e pou fanmi w.



■ **Ou ka jwenn èd pou jwenn plan ki bon pou ou a.**

Li ka difisil pou gade tout plan Affordable Care Act (ACA) Marketplace ki disponib sou [healthcare.gov](https://www.healthcare.gov). Anvizaje konsilte yon ajan ki jwenn yon lisans nan men eta a. Lalwa bay moun sa yo obligasyon pou yo onèt e pou yo serye. Gen anpil nan yo ki pale panyòl ak kreyòl.

■ **Ou ka jwenn asirans menm si w gen yon maladi deja.**

Menm si w gen yon pwoblèm sante, ou ka toujou jwenn yon plan Marketplace. Gen yon lòt bagay ki bèl tou: Sa pa p koute w plis e pa p gen okenn limit sou sèvis ki nan plan an.

■ **Plan asirans yo gendwa travay avèk diferan doktè, lopital ak lòt pwofesyonèl ak etablisman sante.**

Veye pou doktè oswa pwofesyonèl sante, lopital, famasi ak lòt etablisman ou itilize yo aksepte plan asirans ou ta renmen chwazi a.

■ **Ou ka gen posiblite jwenn èd pou peye pou plan sante w.**

Sou chak 3 kliyan nan eta Florid, genyen plis pase 1 ki te chwazi yon plan pou \$10 chak mwa oswa mwens apre sibvansyon yo an 2022.¹ Mete sou sa, kounye a, si w ka jwenn yon asirans sante atravè travay ou, rès fanmi w gendwa kalifye pou yon plan ACA grasa yon èd finansye.²

Ale sou **GetCoveredFlorida.com** pou jwenn plis enfòmasyon.

¹<https://www.cms.gov/research-statistics-data-systems/marketplace-products/2022-marketplace-open-enrollment-period-public-use-files>. Pou kalifye pou yon kou \$0 pa mwa, kredi taks davans ou touche pou prim Marketplace la dwe egal oswa plis pase prim nan.

²<https://www.kff.org/health-reform/issue-brief/the-aca-family-glitch-and-affordability-of-employer-coverage>

Se Florida Blue, yon konpayi endepandan ki jwenn yon lisans nan men Blue Cross and Blue Shield Association, ki bay enfòmasyon sa yo.